

# Dwa Pasyan an a yon obsèvatè

**Ou gen dwa pou w gen yon obsèvatè nan sal egzamen an pandan nenpòt doktè ap egzamine tete w, basen w, pati jènital ou, ak pati tou dèyè w.** Yon obsèvatè se yon moun ki fòme pou sa, ki konnen ak kisa pou l atann epi ki ap siveye doktè a pandan egzamen yo. Obsèvatè a ka asire l ke yo pa touche w yon mannyè ki pa apwopriye. Si w bezwen yon obsèvatè, mande pou yonn. Epi sonje, ou ka kanpe egzamen a nenpòt ki moman san onkenn rezon.

Si doktè w la pa bay yon obsèvatè, oswa si w pa konfòtab ak obsèvatè ke li ofri w la ou ka ranvwaye oswa anile egzamen an. Si sa rive, doktè w la sipoze ba w yon referans vè yon lòt founisè swen sante, si genyen. Ou ka deside fè egzamen yo tou san yon obsèvatè, oswa ou ka deside fè rès konsiltasyon an san doktè a pa fè egzamen yo pou ou. Se ou menm k ap deside.

Se Divizyon Afè Konsomatè New Jersey a ki bay doktè yo ak lòt founisè swen sante yo lisans. **Si w ta gen nenpòt preyokipasyon oswa plent konsènan egzamen ou yo, ou ka depoze yon plent nan Divizyon Afè Konsomatè.** W ap jwenn plis enfòmasyon konsènan kòman pou w depoze plent yo nan

<https://www.njconsumeraffairs.gov/sexual-misconduct-complaint>.

Konsilte N.J.A.C. 13:35-6.23



Biwo Pwokirè Jeneral New Jersey a  
Divizyon Afè Konsomatè

ESKANE LA  
pou plis enfòmasyon

